



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 1.68 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON ATRAVÈ PWOGRAM POU SEKIRIZE SANT SANTE REPRODIKTIF ETA NEW YORK LA**

*Finansman pral pèmèt 20 rezo swen sante ak òganizasyon san bi likratif amelyore sekirite pou pasyan yo ak anplwaye yo nan 51 lokal nan tout eta a*

*Chak etablisman pral resevwa jiska 50,000 dola pou ede asire aksè an sekirite nan sèvis yo*

*Eta New York te etabli Pwogram Sibvansyon an apre desizyon 2022 Tribinal Siprèm Etazini an nan kad Òganizasyon Sante Fanm yo nan zafè Dobbs v. Jackson lan*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 1.68 milyon dola sibvansyon atravè Pwogram pou Sekirize Sant Sante Repwodiktif (Securing Reproductive Health Centers Program) Eta New York la, ki pral pèmèt 20 rezo swen sante ak òganizasyon san bi likratif amelyore sekirite pou pasyan yo ak anplwaye yo nan 51 lokal yo opere nan tout eta a. Chak etablisman pral resevwa jiska 50,000 dola pou ede asire aksè san danje ak sante repwodiktif ak sèvis avòtman. Eta New York te etabli pwogram sibvansyon an apre desizyon 2022 Tribinal Siprèm Etazini an nan kad Òganizasyon Sante Fanm yo nan zafè Dobbs v. Jackson lan

"Fanm yo merite pou yo kapab fè pwòp chwa pa yo konsènan kò yo, ki enfòm ak konsèy fyab sou swen sante". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon sa yo pral ede pwoteje aksè ak avòtman epi asire founisè yo ka kontinye bay sèvis enpòtan yo bay moun ki nan bezwen yo. Pandan ekstremis nan tribinal yo ak nan lòt eta yo ap kontinye atak yo sou dwa nou yo, New York ap toujou goumen pou sipòte founisè yo ak tout pasyan yo ki bezwen swen."

"Nou refize fè bak sou libète repwodiktif nan New York", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Avèk sibvansyon sa yo, nou ka asire rezo swen sante ak òganizasyon san bi likratif yo ka kontinye bay sèvis avòtman ki an sekirite ak aksesib. Eta sa a ap rete yon refij san danje pou nenpòt moun k ap chèche tout opsyon swen sante repwodiktif yo bezwen ak merite."

Pwogram pou Sekirize Sant Sante Repwodiktif la se youn nan eleman plan konplè Gouvènè Hochul pou [prezève, pwoteje ak ranfòse dwa repwodiktif ak aksè avòtman davantaj](#) apre desizyon *Dobbs* la, ki te ranvèse pwoteksyon ki te etabli pa *Roe v. Wade* la ki te egziste pandan 50 ane. Founisè piblik, san bi likratif ak prive yo te elijib pou chèche finansman Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) eta a te administre pou fòm pèsonèl sekirite ak anplwaye yo, ak pou pwojè ki gen ladan, men pa limite a, ekleraj perimèt; alam, adrès piblik; ak sistèm ki fèmen ak kle; kamera, ranfòsman pòt, vewouyaj ak lòt amelyorasyon kontwòl aksè; ak fenèt ak glas ki pa ka kase. 20 benefisyè yo pral resevwa yon total 1,686,786.66 dola pou amelyorasyon sekirite ak amelyorasyon nan 51 etablisman.

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare,** "Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la angaje li pou yon New York ki an sekirite epi ki jis. Avèk sipò Gouvènè Hochul, nou fyè pou n ede sekirize sant sante repwodiktif yo epi pwoteje pratikan yo, anplwaye yo, ak moun k ap chèche swen. Nou rekonesan pou founisè esansyèl sa yo ki twò souvan nan premye liy lan nan yon batay nasyonal ki ta dwe dèyè nou depi lontan. Mèsi, Gouvènè Hochul, pou lidèchip san fay ou sou sekirite piblik ak sou dwa fanm yo."

Eta New York gen tou yon [sit entènèt konplè](#) ki bay yon sèl destinasyon pou enfòmasyon sou dwa pou avòtman, founisè, sipò, ak opsyon peman yo, ak yon [yon Fon Sipò pou Founisè Avòtman 25 milyon dola lidè nasyonal](#), ke Depatman Sante a (Department of Health, DOH) sipèvize, pou ogmante kapasite yo epi asire gen aksè pou pasyan k ap chèche swen pou avòtman yo nan New York.

**Komisè pa Enterim Depatman Sante a, Doktè James McDonald, te deklare,** 'N ap fè tout sa nou kapab pou asire ke avòtman rete an sekirite, legal, ak aksesib nan Eta New York, malgre sa ki te pase nan tribinal federal yo. Investisman Gouvènè a pral ede kenbe founisè yo an sekirite pandan y ap travay pou satisfè bezwen swen sante moun k ap chèche pran pwòp desizyon yo konsènan sante repwodiktif yo ak avni pa yo."

**Senatè Eta Liz Krueger te deklare,** "Dwa Ameriken yo pou yo pran desizyon ki pi pèsonèl sou pwòp swen sante repwodiktif yo anba atak tankou sa pa janm fèt anvan, epi sa vle sila yo pami nou k ap defann libète Ameriken an ak otonomi kòporèl bezwen pran aksyon sou plizyè aspè pou kenbe dwa sa yo an sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te mete finansman sa a disponib pou ede pwoteje founisè yo, pasyan yo, ak fanmi yo nan New York kont vyolans k ap ogmante lakay ekstremis kont avòtman yo."

[Divizyon Sèvis Jistis Penal la](#) bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis kriminèl eta a, ki gen ladan, men pa sa sèlman: fòm fòs lòd yo ak lòt pwofesyonèl jistis penal yo; sipèvize yon pwogram akreditasyon fòs lòd; asire Breathalyzer (tès alkòl) ak ekipman pou fè respekte vitès yo ke fòs lòd lokal yo ap itilize fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis penal; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; sipèvize depatman pwobasyon konte yo ak altènatif nan

pwogram prizon yo; ak kowòdone politik jistis pou jèn yo. Swiv DCJS sou [Facebook](#) ak [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)